Nama :

Tanggal :

Kelas :

Kalimah langsung jeung kalimah teu langsung

Pasangkeun kalimah-kalimah di handap ieu!

1. Ceuk Edo ka Udin, "Din, kamari jadi ngalayad Ibu Guru teh?"
2. Ceuk Edo ka Udin, "Saha wae nu milu ngalayad?"
3. Ceuk Edo ka Udin, "Nu ngalayad teh Lani, Siti, jeung Dayu."
4. Ceuk Edo ka Udin, "Ari barudak lalaki taya nu ngalayad?"
5. Ceuk Edo ka Udin, "Teu damang naon Bu Guru teh saurna?"
6. Ceuk Edo ka Udin, "Saur Ibu Guru mah, salirana panas."
7. Udin nanya ka Edo, "Ari Dayu teh gering naon, Do?"
8. "Kuring mah moal bisa indit ka sakola, Do!", Ceuk Udin ka Edo.
9. Udin nanya ka Edo, "Kunaon Dayu teu sakola?"
10. "Do, ningali patlot abdi?" Udin nanya ka Edo.

a. Udin nanya ka Edo ngeunaan kasakit nu keur karasa ku Dayu.

b. Udin nanya ka Edo ngeunaan panyawat nu karaos Bu Guru.

c. Udin nanya ka Edo ngeunaan patlotna.

d. Udin nyarita ka Edo yen manehna moal bisa indit ka sakola.

e. Edo nanya ka Udin, ngeunaan jadi henteuna ngalayad Ibu Guru.

f. Edo nanya ka Udin ngeunaan saha wae nu milu ngalayad.

g. Edo nyarita ka Udin yen Ibu guru teh salirana panas.

h. Edo nyarita ka Udin yen nu ngalayad teh Lani, Siti, jeung Dayu.

i. Udin nanya ka Edo sabab Dayu teu sakola.

j. Edo nanya ka Udin ngeunaan aya heunteuna barudak lalaki nu ngalayad.

LIVEWORKSHEETS